

Lemah cai

Dulur, nu pantrang beak langkah
Mapay sisi jurang karesah
Neang lemah nu jadi imah
Teu apal wanci, teu apal arah

Ngan ku emut kecap baheula
Meperin papatah kawening
Teu weleh kadenge,
Dina sepi, dina rame

Kiwari sagala ngajadi
Karuksakan nu teu deui buni
Euweuh deui kembang nu mekar
Da puguh kantong abu, moal matak motekar

Cul leuweung, raruksak tangkalna
Tinghaliber manuk, leungit cakrawalana
Tinggal urang, ngagulung kabungah palsu
Ngaruksak alam, nepi tinggal batu

Bagea, dulur!
Nu sarua pikir, sarupa rasa
Ngariung ngalumpulung, ngalengkah sauyunan
Ngajugjug dunya nu akur salawasna

Hayu ngariung, hijikeun kereteg hate
Ngalagukeun damai, pepeling nu hade

Sundanese adaptation of « Terre promise » : Gilang Mardian Kartiwa, gilangmk@gmail.com